

PAJ ENSTRIKSYON POU FICH KONTRAVANSYON OSWA KONVOKASYON NAN TRIBINAL

FICH KONTRAVANSYON KOTE LI OBLIGATWA POU FÈ KONPARISYON:

Ou dwe konparèt an pèsòn nan lokal tribinal ki endike sou fich kontravansyon an nan dat ak lè ki prevwa pou sa a. **Si w gen mwens pase 18 lane, ou dwe konparèt nan tribinal la EPI yon paran ak/oswa responsab legal dwe akonpànye w. Ou PA ka peye pa lapòs.** Si w pa respekte konvokasyon nan tribinal sa a, yo ka sispann privilèj pou w kondui yo epi yo ka bay yon manda darè kont ou pou arete w san yo pa ba w lòt avi. Si pa gen okenn kantite lajan ki mansyone nan fich kontravansyon w lan, se yon fich kontravansyon kote li obligatwa pou fè konparisyon ou.

PEYE AMANN VOLONTÈ YO ANVAN DAT LIMIT LAN:

Pèman an ka fèt sou Entènèt sou court.pay.delaware.gov OSWA ak chèk oswa yon manda lajan w ap voye bay “Eta Delaware” epi voye li ak yon kopi fich kontravansyon an bay Sant Amann Volontè a, nan adrès ki endike sou fich kontravansyon w lan. Pèman ak kat kredi (**VISA, MASTERCARD, DISCOVER**) ka fèt pa lapòs ak yon kopi fich kontravansyon w lan ak enfòmasyon kat kredi ou a oswa sou telefòn. Pèman sou telefòn ka enplike yon atant pwolonje. PA VOYE LAJAN KACH PA LAPÒS. Si ou bezwen yon resi, tanpri mete yon anvlòp ki gen tenb ak adrès ou. Pou peye yon fich kontravansyon ki dwe al jwenn yon Tribinal Ofisye Minisipal, yo dwe peye li pa lapòs dirèkteman bay Tribinal Ofisye Minisipal ki apwopriye a.

PLAN PÈMAN ANLIY AK SANT AMANN VOLONTÈ (VOLUNTARY ASSESSMENT CENTER, VAC):

Ou gen 30 jou apati dat yo te bay fich kontravansyon an pou mande yon plan pèman an sis (6) vèsman egal. **Pou etabli yon plan pèman anliy, ale sou court.pay.delaware.gov** (“Byenvini nan pèman elektwonik”). Ekri enfòmasyon yo nan bwat yo, epi peze “Next”. Chwazi “Pay by installments” (Pèman pa tranche). Si opsyon sa a pa disponib, fich kontravansyon w lan pa kalifye pou yon plan pèman anliy. Pou plis asistans, kontakte Sant Amann Volontè ki apwopriye a pandan lè travay nòmal yo. Pou tout enfòmasyon sou Tribinal Ofisye Minisipal yo, tanpri kontakte Tribinal Ofisye Minisipal ki endike sou fich kontravansyon w lan.

ENPAK SOU LISANS OU - POU FICH KONTRAVANSYON VAC SÈLMAN:

Chofè nan Delaware: Daprè Règleman DMV Divizyon Règleman #2208, 4.2.1., yon moun ki pa gen lisans CDL ki plede koupab pou yon eksè vitès, ki sòti nan 1 rive nan 14 mayl pa èdtan ki plis pase limit vitès ki afiche a, yo p ap mete pwèn sou lisans li si li peye fich kontravansyon an pa lapòs atravè VAC oswa Tribinal Ofisye Minisipal EPI si moun ki gen lisans lan PA t kondane pou yon eksè vitès nan peryòd twa (3) lane anvan yo. Si w pa peye amann nan nan VAC oswa Tribinal Ofisye Minisipal la, règleman an pa aplikab. Tanpri kontakte Divizyon Veyikil a Motè a pou plis enfòmasyon sou lisans ak règleman yo.

Si w pa peye tout lajan an oswa si w pa etabli yon plan pèman, DMV ap make lisans ou an. Drapo a entèdi ou renouvle lisans ou ak/oswa anrejistremen ou.

Chofè ki pa nan eta a: Delaware DMV ap fè Divizyon Veyikil a Motè a konn sa si w pa peye anvan dat limit lan.

POU MANDE YON ODYANS POU PLEDE PA KOUPE/PA RESPONSAB (NR oswa “pa responsab” aplikab sèlman pou vyolasyon sivil) OSWA POU MANDE LIBÈTE KONDISYONÈL ANVAN JIJMAN (PBJ), OU DWE:

Voye yon kopi fich kontravansyon w lan ak fòmilè sa a (ak siyati w) bay JPCourt@delaware.gov, oswa Tribinal Ofisye Minisipal, oswa Town VAC, anvan dat limit ki endike sou fich kontravansyon w lan. Si w konteste fich kontravansyon an oswa si w mande PBJ, ou dwe konparèt devan tribinal la. Y ap fè w konnen kote, dat ak lè odyans ou an. **Ou pa elijib pou PBJ si** ou gen kondanasyon pou veyikil a motè oswa si ou te resevwa yon PBJ pou yon enfrazsyon veyikil a motè pandan senk (5) dènye ane yo oswa si w gen yon CDL. Pote nan tribinal la nenpòt dokiman ki ka ede rezoud akizasyon ki genyen kont ou yo. **Chofè ki pa nan eta a:** Bay yon kopi sètifye konfòm dosye kondui ou pou senk (5) dènye ane yo.

Mwen vle plede Pa Koupab, Pa Responsab, oswa Jwenn Libète Kondisyonèl Anvan Jijman.

	SIGNATURE / SIYATI	DATE / DAT
EMAIL ADDRESS / IMÈL:		
CURRENT MAILING ADDRESS / ADRÈS POSTAL AKTYÈL:		
PHONE NO./ NIMEWO TELEFÒN:	TICKET NO. / NIMEWO FICH	
	KONTRAVANSYON AN	
Mailing address is different from the address on my ticket / Adrès postal la pa menm ak adrès ki sou fich kontravansyon mwen an:	YES / WI	NO / NON

REV (02/10/23)